



Pou Piblikasyon Imedya: 09/22/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU RANFÒSE PWOTEKSYON POU VITKIM AGRESYON SEKSYÈL YO

### *Li siyen tou lwa pou pwoteje sekirite pèsònèl sila yo ki legalman chanje non yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lwa pou ranfòse pwoteksyon pou viktim agresyon seksyèl yo. Sa a asire ke, nan ka kote yo kondane akize a paske li seksyèlman agrese yon manm fanmi, òdonans pwoteksyon an pou viktim nan etann omwen jiska nan fen peryòd pwobasyon akize a.

“Mezi sa fèmen yon echapatwa e li pral ede asire ke viktim yo resevwa pwoteksyon ke yo merite,” **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Mwen fyè dèske m siyen lejislasyon bon sans sa an lwa e mwen remèsye pwomotè yo pou travay yo sou kesyon sa ki enpòtan anpil.”

Anvansa, òdonans pwoteksyon te souvan ekspire pandan ke yon ofansè te soti nan prizon men li te rete nan pwobasyon.

Pwojè lwa sa a, (A.1797-A / S.4340-B), mande yon òdonans pwoteksyon pou 10-ane nan ka kote yon krim agresyon seksyèl ki enplike yon manm fanm enkli pwobasyon. Nan ka yon akizasyon pou enfraksyon, yon òdonans pwoteksyon sizan obligatwa. Toulède tèm yo matche òdonans tèm pwobasyon maksimòm anba ofans sa yo.

**Senatè Sue Serino te deklare**, “Twò souvan viktim agresyon seksyèl yo pa rapòte krim yo paske yo pè vanjans ak yon mefians pèmanan nan yon sistèm ki kapab kite yo vilnerab pou ofans lan refèt ankò. Nou gen yon responsabilite pou asire ke lwa ofri yo piwo nivo pwoteksyon posib e mwen remèsye Gouvènè a ak kòlèg mwen yo— espesyalman Manm Asanble Amy Paulin—paske li te fè kesyon sa vini yon priyorite.”

**Manm asanble Amy Paulin te deklare,** “Lejislasyon sa a korije enkonsistans nan lwa e li pral bay viktim lan pi gwo pwoteksyon kont atakan li a. Si òdonans pwoteksyon an fini anvan fen peryòd pwobasyon an sekirite ak byennèt viktim yo a risk.”

Gouvènè a te siyen tou lejislasyon (S.5240 / A.2242) kap ede pwoteje sekirite pèsònèl sila yo ki te chanje non yo legalman. Daprè lalwa, nenpòt chanjman non dwe pibliye nan yon jounal ke yo dezilyen, toutfwa, nan sèten sikonstans yo ka emèt egzansyon yo si gen risk sekirite. Lwa sa a bay tribinal yo plis pouvwa pou konsidere yon aplikasyon pou egzansyon epi fè li evidan ke diskresyon yo pa limite nan yon menas dirèk kont sekirite yon moun.

**Senatè Diane Savino te deklare,** “Nenpòt Nouyòkè ki chwazi legalman pou chanje non yo pa ta dwe sijè a plis nwizans oswa danje kòm yon rezilta. Pwojè lwa sa a fè li klè ke tribinal yo dwe konsidere tout sikonstans ki anviwone chanjman non an lè yap decide si wi oswa noon pou akòde yon piblikasyon egzansyon. Mwen fyè dèske mwen te yon pwomotè pou pwojè lwa sa a e mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te siyen l jodia.”

**Manm Asanble Harry Bronson, otè lejislasyon an, te deklare,** “Mwen konnen ke nou ka dakò ke zak vyolans domestik ak diskriminasyon pa gen plas nan sosyete nou an. Nou dwe pwoteje viktim vyolans domestik yo ak moun ki trans-seksyèl yo ki kapab gen risk pou kalite zak deplorab sa yo. Pwoteksyon ki nan pwojè lwa sa a enpòtan pou asire sekirite pèsònèl anpil nan sitwayen Nouyòkè nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te siyen pwoteksyon dwa sivil enpòtan sa ansanm avèk anpil defansè nan eta ki te ede pou rann li posib.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418